

D+S  
M  
**Vanité**  
Qo 1,2 ; 2,23  
18<sup>ème</sup> dimanche ordinaire C

NF p. 338

Paroles et musique : 8 août 1998  
Dédié à la Bse Elisabeth de la Trinité

**R. Richès, Vanité, tousa ap pasé !**  
**Richès, Vanité, Bondié ap rété !**

- |   |                        |
|---|------------------------|
| 1. Ni travay, ni bon konprann, ladrès ak siksè,<br>Tout richès la, l-ap pasé nan min sa-k dèyè.       | Qo 2, 21               |
| 2. Ou-ap rédi, ou-ap trakasé, soufrans, tèt chajé,<br>Minm nan nuit ou pa dòmi, pouki ? Vanité.       | Qo 2, 23               |
| 3. Sé pousiè moun nan tounin, mil an sé yon jou,<br>Sé yon rèv, yon zèb frajil, yon flè k-ap pasé.    | Ps 90, 4               |
| 4. Fò-n aprann méziré jou-n, pou-n jouinn lasajès.<br>Sé Granmèt la k-pou tounin montré nou chémin.   | Ps 90, 12<br>Ps 90, 13 |
| 5. Si rinmin Granmèt la plin-n, tout tan kè-n kontan,<br>Si bon kè-l vidé sou nou, travay nou solid.  | Ps 90, 14              |
| 6. Sé bagay anro nan sièl nou fèt pou-n chèché,<br>Nou lévé ak Jézu-Kri, adouat kot Bondié.           | Col 3,1-11             |
| 7. Nou mouri ak Jézu-Kri, nan Li nou kaché,<br>Fò-n défèt sa-k pou latè, pou-n vi-n yon lòt moun.     |                        |
| 8. Ala chans pou moun ki pòv, dapré Léspri Sin,<br>Péyi Roua anro nan sièl, sé pou yo li yé.          | Mt 5,3                 |
| 9. Éritaj, jijman, pataj, lanvi posédé,<br>Vi yon moun pa kap chita sou baz sèl richès.               | Lc 12,13-21            |
| 10. Krazé kay, bati pi gran, pou-n mét byin sou byin,<br>Pran répo, manjé, bouè, joui, ou pa garanti. |                        |